Tostan
Dignité pour Tous

# Léebu Mbàbba-Kuti



1 Musaa Muus ak Góorgi Golo, ñu ngi fo ci pénc mi.



2 Mbàbba-kuti moom, mënula jóge mu toog, ndax tàyyeel ak yaram wu diis.




3 Noonu, Gaynde ñëw, ne ko : « Man dey, xam naa li la jàpp ! Am saabu bii. Boo ko jëfandikoo, di nga gis njari-ñam. »



4 Ba Gaynde demee, Mbàbba-kuti di xalaat naan : « Man daal, dinaa def li gaynde wax. Waay, waay ! Bëgg naa fo ni ñépp waay ! »


25/08/2021 10:48



5 Noonu, Mbàbba-kuti jóg jubal ca dex ga, raggu ba set.



6 Mu daldi raxas bopp bi, nopp yi ak xar-kanam gi.



7 Ba mu noppee, mu daldi fóot ay yéereem ba mu set.



8 Léegi, Mbàbba-kuti féex na, boole ci yëg cawarte ci yaramam. Musaa Muus ak Góorgi Golo bég ci moom, ba ñëw yendul ko.



9 Booba ba tey, Mbàbba-kuti dafa njaxlaf. Moo tax saa yu yeewoo, sangu, ndax mu mëna fo aka ree ni ay moroomam.

# Woyu Mbàbba-kuti

Man, damay sangu
Man, damay sangu moo baax.
Moo gën ci yaram
Dafay dindi tàyyeel moo wóor.

Ndox ak saabu,
Boole ci njàmpe, moo baax.
Bombal mu set
Dafay dindi coono, moo wóor.

Man damay sangu,
Boole ci fóotlu doom yaay.
Dafay leeral yaram
Di indi safoo, doom yaay.

Boo bëggee féex,
Boole ci am wér, doom yaay.
Xaritool ak saabu,
Boole ci njàmpe, moo wóor.

Kon, nun xale yi
Nanu fonk saabu, moo baax.
Moo gën ci yaram
Dafay dindi tàyyeel moo wóor.

## Laaj

1. Lan la Musaa Muus ak Góorgi Golo di def ?
2. Lu waral Mbàbba-kuti demul foyi ?
3. Lu Gaynde indil Mbàbba-kuti ?
4. Nan la Mbàbba-kuti jëfandikoo neexal boobu ?
5. Lu tax sangu am njariñ ?
6. Fan lanu mën a ame saabu ?
7. Lu ñuy defare saabu ?

cc BY NC ND This work is licensed under a Creative Commons Attribution Non-Commercial No Derivatives (CC BY-NC-ND) License.